



KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN MAGETAN
UJIAN MADRASAH (UM)
TAHUN PELAJARAN 2024/2025

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran : **Bahasa Jawa**
Jenjang : **Madrasah Ibtidaiyah**
Hari/Tanggal : **Senin, 5 Mei 2025**
Waktu : **10.00 – 12.00**

PETUNJUK UMUM

1. Berdo'a kepada Allah SWT sebelum memulai mengerjakan paket soal
2. Isikan identitas Anda ke dalam Lembar Jawaban Ujian Madrasah dengan menggunakan pensil 2B
3. Isikan jawaban soal ke dalam Lembar Jawaban sesuai petunjuk
4. Tersedia waktu 120 menit untuk mengerjakan soal
5. Jumlah soal sebanyak 50 butir yang terdiri dari 45 butir pilihan ganda, dan 5 butir uraian
6. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawabnya
7. Laporkan kepada pengawas ujian apabila terdapat lembar soal yang kurang jelas, rusak, atau tidak lengkap
8. Periksalah pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas ujian.

UM_BAHASA JAWA_2024/2025

1. WENEHANA TANDA SILANG (X) ING JAWABAN A, B, C UTAWA D SING BENER!

Perang Bharatayuda

Bharatayuda samsaya rame. Kabeh pihak wis ngrancang dhewe-dhewe supaya bisa menang ing paprangan iku. Kabeh pambudidaya wis ditokake kanggo nggayuh gegayuhane dhewe-dhewe yaiku dadi pemenang ing ajang perang bharatayuda jaya binangun.

Ing dina kaping nembelas para Kurawa sing dipandhegani dening Prabu Duryudana ngersakake Adhipati Karna madeg senapati ngganteni Resi Durna sing wis gugur ing madyaning palagan.

Adhipati Karna nyanggupi nanging nyuwun marang Prabu Duryudana supaya sing dadi kusir kretane yaiku Prabu Salya, ratu ing Negara Mandaraka. Bab iku dadi panyuwune Adhipati Karna jalaran ing pihak Pandhawa sing madeg senapati yaiku Arjuna sing dikusiri dening Prabu Kresna ratu saking Dwarawati. Dadi supaya imbang, Adhipati Karna nyuwun sing ngusiri kretane ya sawijine ratu, yaiku Prabu Salya.

Gancaraning crita perang adhep-adhepan antarane Arjuna lan Adhipati Karna wis lumaku. Satria loro sing satemene tunggal ibu padha ngetokake kadigdayane dhewe-dhewe, padha ampuhe, padha kuwate, padha digdayane. Adhipati Karna numpak kreta Kyai Jaladara, dene Arjuna kretane jenenge Kyai Jatisura. Perang panah-panahan ing ndhuwure kreta iku rame banget.

Pungkasane Adhipati Karna ngetokake panah Wijayacapa, banjur diarahake marang Arjuna. Nalika panahe dilepasake, gandheng kretane dioregake dening Prabu Salya, pungkasane ora kena Arjuna, amung kena gelung rambute wae. Saiki gentenan Arjuna sing nglepasake panah Pasopati lan kasil bisa nembus dhadhane Adhipati Karna. Sanalika Adhipati Karna gugur minangka senapati ing madyaning Perang Bharatayuda Jayabinangun.

1. Perang antarane Pandhawa lan Kurawa diarani
 - A. Perang Puput
 - B. Perang Mahabharata
 - C. Perang Gerilya
 - D. Perang Bharatayuda
2. Pusaka sing digunakake kanggo nandhingi Panah Wijayacapa yaiku
 - A. Panah Jayadara
 - B. Panah Jatisura
 - C. Panah Pasopati
 - D. Panah Wijayacapa
3. Satemene Arjuna lan Adhipati Karna iku tunggal ibu kang asmane
 - A. Drupadi

- B. Kunthi
C. Madrim
D. Sembadra
4. Ing ngisor iki kewan kang nduweni entup yaiku
- A. semut, kalajengking, ula, gajah
B. semut, klabang, kalajengking, kumbang
C. tawon, kumbang, kalajengking, semut
D. kumbang, tawon, klabang, kalajengking
5. Dilebokne malah metu, batangane yaiku....
- A. banyu
B. benik
C. clana
D. klambi
6. Bu dewi awake kuru semangka mulane klambine padha ora sedheng. Kuru semangka tegese
- A. awake cilik banget
B. awake gedhe banget
C. awake lemu banget
D. awake kuru banget
7. Kembang menur ditandur ing pinggir sumur
Tansah jujur
Terusane parikan ing ndhuwur kang trep yaiku
- A. sregep maca bijine apik
B. sregep maca dadi pinter
C. sugih dulur sugih kanca
D. sugih kanca sugih dulur
8. Sapa sing salah kudu seleh. Ukara iku kalebu jinise purwakanthi
- A. crita
B. lumaksita
C. sastra
D. swara
9. Ing ngisor iki kang kalebu tuladha tembung yogyaswara yaiku
- A. guya-guyu

- B. mloka-mlaku
 - C. mrana-mrene
 - D. dewa-dewi
10. Bapak menawa menyang masjid mesthi nganggo kupluk. Tembung kupluk kerata basane ...
- A. aku nyempluk
 - B. aku nyampluk
 - C. kaku tur nyempluk
 - D. kaku tur ngampluk
11. Ing ngisor iki ukara tanggap kang bener yaiku
- A. Adhik dolanan boneka
 - B. Bonekane adhik lagi dikumbah ibu
 - C. Ibu nggoreng tempe ing pawon
 - D. Ibu lan adhik lagi tuku boneka
12. Yen wis tepang karo wong liya, kudune saben kepethuk kudu sapa ...
- Tembung Saroja kang trep kanggo njangkepi ukara ing ndhuwur yaiku
- A. aruh
 - B. mesem
 - C. takon
 - D. sapa
13. Ukara ing ngisor iki kang migunakake tembung garba, yaiku
- A. Ibuku tansah welas asih marang aku lan adhi-adhiku.
 - B. Mbah Manto wong sing jembar dhadhane, bisa ngemong bocah-bocah nom.
 - C. Prapteng wisma si pocung mutah guwaya.
 - D. Tandurane pari katon ijo royo-royo ing mangsa rendheng.
14. Seneng, tresna asih, lan nuladhani, iku watake tembang
- A. Kinanthi
 - B. Mijil
 - C. Pangkur
 - D. Sinom
15. Simbah yen nginang dubange diwadhahi umplung. Tembung dubang asale saka tembung ...
- A. idu abang
 - B. kudu abang

- C. kesdu abang
D. madu abang
16. Anake turune bebek karo menthok arane
A. kate
B. bekisar
C. bencok
D. brati
17. Sumari saben dina sregep sinau mulane oleh juara kelas, nanging Deni bocahe.....mulane ora munggah kelas.
Tembung kang trep kanggo ngisi ceceg-ceceg ing nduwur yaiku
A. kesed
B. kendho
C. elek
D. bodho
18. Tembang Macapat sing lumrahe kanggo menehi pitutur lan crita kang kang nelakake rasa tresna asih yaiku
A. Asmaradana
B. Gambuh
C. Kinanthi
D. Pocung
19. Paraga tari gambyong iku pancen ayu, kulite kuning nemu giring, drijine mucuk eri, untune
Tembung panyandra kang trep kanggo ngisi ceceg-ceceg ing nduwur yaiku
A. putih
B. miji timun
C. gingsul
D. apik
20. Bocah iku sembrana banget, ora mikir dhisik yen arep tumindak, paribasan kutuk marani
Bacutane paribasan ing ndhuwur yaiku
A. sunduk
B. sampluk
C. pancing
D. gepuk

21. Sandhangan panyigeg kang aran pengkal yaiku

A.


B.


C.


D.


22. Mburu uceng kelangan dheleg , tegese paribasan iku yaiku

- A. Saben panggonan duwe cara dhewe-dhewe.
- B. Mburu barang kang aji kelangan barang sing sepele
- C. Mburu barang sepele kelangan barang sing aji
- D. Barang kang ora aji babar pisan

23. Kang dadi panenggake pandhawa yaiku

- A. Puntadewa
- B. Bimasena
- C. Janaka
- D. Nakula

24. Ukara ngoko alus ing ngisor iki kang bener, kajaba

- A. Pak, panjenengan wau jebule wes rawuh, to !
- B. Panjenengan badhe tindak dhateng pundi ?
- C. Nak Bagus apa sida mundhut motor?
- D. Bapak, mengko yen tindak, aku pundhutna sabun adus, ya !

25. Bapak lahir tahun 1965. Angka 1965 yen ditulis jawa dadi

A.


B.


C.


D. 

26. Ibu tindak peken mundhut ageman.

Tembung ageman basa ngokone

- A. sayuran
- B. panci.
- C. klambi
- D. jajan

27. Adhik tuku jajan ing warung ngarep omah. Ukara iku lesane yaiku

- A. adhik
- B. tuku
- C. jajan
- D. warung

28. Ing ngisor iki kang kalebu tembang dolanan yaiku

- A. Sinom, Jamuran, Pocung
- B. Jaranan, Prau Layar, Jamuran
- C. Jamuran, Kinanthi, Gajah-Gajah
- D. Jamuran, Jaranan, Sinom

29. Tulisan arab iku macane saka ngendi ? batangane cangkriman iki yaiku....

- A. tengen
- B. kiwa
- C. kali
- D. alas

30. Ing ngisor iki kang kalebu tembung rura basa yaiku

- A. Paklik **menek kambil** ing mburi omah
- B. Warga desa **sayuk-rukun** ngresiki lingkungan
- C. Sesawangan ing Tlaga Pasir **sarwendah**,cocog kanggo ngademake pikir
- D. **Putra-putrine** pak Sarnu bodho iki padha mulih kabeh

31. Urutane tokoh wayang kang aran Punakawan sing bener yaiku

- A. Semar, Petruk, Gareng, Bagong
- B. Semar, Gareng, Petruk, Bagong
- C. Semar, Gareng, Bagong, Petruk

UM_BAHASA JAWA_2024/2025

D. Semar, Petruk, Bagong, Gareng

32. Anak turune pitik biyasa lan pitik alas arane

- A. bekisar
- B. bihal
- C. brati
- D. kate

33. Ing ngisor iki ukara kang nganggo tembung dwi lingga salin swara yaiku

- A. Olehe ngguyu cekakakan nganti kepingke-pingkel
- B. Bocah kok senengane mloya-mlayu wae
- C. Bima mlaku-mlaku ing taman kutha
- D. Adhik pingin ngicup kupu-kupu kang lagi menclok ing kembang

34. Kaluwak, cung lan wanda cung iku sasmitane tembang

- A. Pocung
- B. Gambuh
- C. Mijil
- D. Sinom

35. Joni iku pancen bocah sing seneng njupuk duweke Liyan.

Tembung entar kang trep kanggo ukara kasebut yaiku

- A. amba jangkahe
- B. dawa tangane
- C. lunyu ilate
- D. mara tangan

36. Dek tahun  simbahku seda. Angka jawa iku ditulis latin dadi

- A. 1987
- B. 1986
- C. 1985
- D. 1984

37. “kula kinten cekap semanten atur kula, menawi wonten klentunipun nyuwun pangapunten”

Ukara ing dhuwur iku perangane pidhato kang aran

- A. wasana
- B. surasa
- C. Salam pambuka

UM_BAHASA JAWA_2024/2025


- D. purwaka
38. Woh pete iku gumantung ing pucuk pang. Tembung gumantung linggane
- digantung
 - gantung
 - gantungan
 - tergantung
39. Ukara tanggap ing ngisor iki kang bener, kajaba
- Kembange disirami ibu
 - Mir, sepedhamu apa rusak ?
 - Kok jupuk dhewe wae ya sepedhamu !
 - Bapak ngundhuh pelem
40. Perangan pidhato kang ngandharake bab kang wigati diarani
- dudutan
 - purwaka
 - surasa basa
 - Wasana basa
41. Bratasena gugur yen ditulis aksara jawa dadi
- 
 - 
 - 
 - 
42. Bapak lunga menyang Surabaya numpak sepur.
- Ukara ing ndhuwur yen didadekake basa krama aluse dadi
- Bapak kesah dhateng Surabaya numpak sepur
 - Bapak kesah ing Surabaya nitih sepur
 - Bapak tindak menyang Surabaya nitih sepur
 - Bapak tindak dhateng Surabaya nitih sepur
43. Tembang Macapat kang nduweni paugeran 12u, 6a, 8i, 12a yaiku tembang

- A. Durna
- B. Gambuh
- C. Pocung
- D. Megatruh

44. Bocah kok senengane mloya-mlayu marai tiba.
Ukara ing ndhuwur migunakake tembung
- A. dwilingga
 - B. dwilingga salin swara
 - C. dwilingga swara
 - D. dwilingga sastra
45. Ing ngisor iki sing kalebu purwakanthi lumaksita yaiku
- A. Becik ketitik ala ketara
 - B. Sluman, slumun, slamet
 - C. Rujak degan, degane kambil ijo
 - D. Ana awan ana pangan

II. WANGSULANA PITAKON ING NGISOR IKI KANTHI BENER!

46. Simbah lara weteng amarga mangan pedhes.
Owahana ukara ing nduwur dadi krama alus !

47. 
Owahana aksara jawa ing ndhuwur dadi aksara latin!

48. Apa tegese paribasan ing ngisor iki?
- a. Cebol nggayuh lintang
 - b. Kebo nusu gudel
49. Aranana tembang macapat 5 wae !
50. Tulisen nganggo aksara jawa ukara ing ngisor iki !
- a. Tawon madu ngisep sekar
 - b. Ibu mundhut lenga ing pasar

UM_BAHASA JAWA_2024/2025